दिन–गुरू दिनांक–18.07.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

उच्चतम न्यायालय कहलक जे नीट यूजी के दोबारा परीक्षा ठोस आधार पर होयबाक चाही किएकतऽ एहि सँ पूरा परीक्षाक शुचिता प्रभावित होयत। मुख्य न्यायाधीश डी वाई चन्द्रचूड़क नेतृत्ववला सर्वोच्च न्यायालयक पीठ नीट यूजी मेडिकल प्रवेश परीक्षा मे कथित अनियमितता सभ सँ संबंधित चालीस सँ बेसी याचिका सभक सुनवाई कऽ रहल अछि। पीठ जनौलक जे सीबीआईक जाँच जारी अछि। सीबीआई जे किछु कहलक अछि आ एकर खुलासा होइत अछि तऽ एहि सँ जाँच प्रभावित होयत।

---

नीट यूजी प्रवेश परीक्षा पेपर लीक मामिला मे केन्द्रीय अन्वेषण ब्यूरो–सीबीाआई अखिल भारतीय आयुर्वेद संस्थान पटनाक चारि छात्र के आइ हिरासत मे लेलक अछि। एम्स पटनाक कार्यकारी निदेशक डॉक्टर जी के पाल कहलनि जे जाहि छात्र सभ के हिरासत मे लेल गेल ओ एमबीबीएस पाठ्यक्रमक दोसर आ तेसर वर्षक छात्र छथि। ओ जनौलनि जे सीबीआई एहि छात्र सभक लैपटॉप सेहो जब्त कऽ लेलक आ हुनक रूम के सील कऽ देलक अछि। एहि छात्र सभ सँ सीबीआई पूछताछ कऽ रहल अछि।

---

पटना हाईकोर्ट आइ शिक्षक अभ्यर्थी सभ के पैघ राहत दैत बीपीएससी टीआरई वनक पूरक रिजल्ट जारी करबाक आदेश देलक अछि। अभ्यर्थी सभ पटना हाईकोर्ट मे याचिका दाखिल कऽ बीपीएससी टीआरई वनक पूरक रिजल्ट जारी करबाक मांग कयने छलाह। अभ्यर्थी सभक मांग पर सुनवाई करैत कोर्ट पूरक रिजल्ट जारी करबाक आदेश बीपीएससी आ शिक्षा विभाग के देलक अछि। ध्यातव्य अछि जे अक्टूबर दू हजार तैईस मे बीपीएससी टीआरई वनक रिजल्ट जारी कयने छल।

———————————————————————

न्यायमूर्ति नोंगमेईकापम कोटिश्वर सिंह आ न्यायमूर्ति आर महादेवन आइ सर्वोच्च न्यायालक न्यायाधीशक रूप मे शपथ लेलनि। भारतक मूख्य न्यायाधीश डॉक्टर डीवाई चन्द्रचूड़ दुनू जज के शपथ दियौलनि। एहि सँ पहिने न्यायमूर्ति नोंगमेईकापम कोटिश्वर सिंह, जम्मू कश्मीर आ लद्दाख न्यायालक मख्य न्यायाधीश छलाह आ न्यायमूर्ति आर महादेवन मद्रास उच्च न्यायालयक मूख्य न्यायाधीश छलाह।

———————————————————————

राज्य सरकार कपड़ मंत्रालयक सहयोग सँ काल्हि पटना मे टेक्सटाइल इनवेस्टर्स मीट के आयोजन करत। सम्मेलन मे केन्द्रीय कपड़ा मंत्री गिरिराज सिंह सेहो सम्मिलित होयताह। एहि संबंध मे उद्योग मंत्री नीतीश मिश्र आइ पटना मे संवाददाता सभ के जनौलनि जे एहि सम्मेलन मे कपड़ा उद्योग सँ जुड़ल निवेशक भाग लेताह।

———————————————————————

प्रदेश मे मॉनसूनक सक्रियता मे कमी आयल अछि। लोक सभ के एक बेर फेर तेज रौद आ उमस भरल गर्मीक सामना करय पड़ि रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार प्रदेशक दक्षिण–पूर्व भाग मे एक दू ठाम हल्का सँ मध्यम वर्षा दर्ज कयल गेल। अगिला अड़तालीस घंटाक दरमियान पूर्वी चंपारण, पश्चिम चंपारण, अररिया आ किशनगंज जिला सहित राज्यक उत्तर–पश्चिम आ उत्तर–मध्य भाग मे हल्का सँ मध्यम वर्षाक संभावना जनाओल गेल अछि।

———————————————————————

प्रदेश सँ भऽकऽ गुजरयवाली अधिकांश नदीक जलस्तर मे उतार–चढ़ाव जारी अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंगा, घाघरा, गंडक, बूढ़ी गंडक, बागमती, कमला बलान, कोसी, महानन्दा, परमान आ अधवारा समूहक नदी सभ उफान पर अछि।

———————————————————————

राज्य सरकार बाढ़िक स्थिति के देखैत एकतीस जिलाक सभ चिकित्सक आ स्वास्थ्य कर्मी सभक छुट्टी पन्द्रह सितम्बर धरि रद्द कऽ देलक अछि। अरवल, औरंगाबाद, बांका, गया, जमूई, जहानाबाद, कैमूर, नवादा आ रोहतास जिला के छोड़िकऽ सभ जिला मे ई आदेश प्रभावी होयत।

———————————————————————

उत्तर प्रदेशक गोंडा जिला में आई दुपहर भेल रेल दुर्घटना में दू लोकनिक मृत्यु भऽ गेल आ बीस सँ बेसी घायल भऽ गेलाह। एहि लेल एम्हर, रेल यात्री लोकनिक सहायताक लेल हेल्प लाईन नम्बर जारी कयल गेल अछि। सोनपुरक लेल–06158262299 आओर समस्तीपुरक लेल 8102918840 आ 06274232131 जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————

पश्चिम चंपारणक बैरिया प्रखंड क्षेत्र अंतर्गत राजकीय मध्य विद्यालय बैरिया मे भीषण गर्मीक कारणे बीस छात्र बेहोश भऽ गेलाह। छात्र सभ के बैरिया प्राथमिक स्वास्थ्य केन्द्र मे भर्ती कराओल गेल अछि। आ किछु के बेतिया जीएमसीएच रेफर कयल गेल अछि।

———————————————————————

समाप्त